

---

## Kòd Abiman Elev la

---


Komite lekòl Lynn lan te adopte kòd abiman elèv nan lide pou ankouraje yon estanda apwopriye abiman nan lekòl piblik Lynn yo, pandan y'ap balanse dwa elèv yo.

Kòd abiman an dwe administre san patipri ak ekitabman. Pandan yo pran ankont valè debaz lekòl piblik Lynn yo ki ka gen rapo ak abiman, direktè lekòl la oswa reprezantan direktè lekòl la dwe fè aplikasyon kòd abiman an.

Vyolasyon kòd abiman an kapab lakòz elèv la chanje li, kouvri li oswa retire vètman an. Vyolasyon yo kapab tou sijè a kòd disiplin nan. Degre, frekans, ak sikonstans ki antoure nenpòt ki vyolasyon ta dwe genyen enpak sou metòd yo itilize nan ranfòsman, epi yo dwe pwogresivman aplike aksyon disiplin yo.

1. Chak elèv dwe mete sa:

- a. Chemiz oswa lòt rad ki kouvri vant, zepòl, do ak pwatrin.
- b. Pantalon yo, bout pantalon yo, rad, jip, oswa lòt rad anba. Rad sa yo dwe mete sou anle senti. Longè atik rad sa a yo dwe nan mitan kwis oswa pi long (pwolonje jis nan pwent dwet le bra lonje sou kote kò ou).
- c. Soulye (ki pa entèdi anba).



2. Elèv pa gen dwa mete sa yo:

- a. Sa ki kouvri vizaj, chapo, kapichon, bandana, oswa nenpòt lòt kalite kouveti pou tèt, sof si se nan kad sensèman yon kwayans relijye oswa pou rezon medikal.
- b. Gan oswa mouf, sof pou yon rezon medikal.
- c. Pajamas.
- d. Spandeks oswa lòt rad pou anba ki sere yo, sof si yo mete yo ak yon rad anlè ke longè a rive nan mitan kwis oswa pi long (tankou yon tinik).
- e. Twal ou wè atravè yo, twal ou ka wè pasyèlman atravè yo, oswa may ki ekspoze pati nan kò an ki sanse kouvri dapre vizyèl ki anwo a.
- f. Linèt solèy oswa linèt nwa, sof si yo pote pou yon rezon medikal.
- g. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouwaj vizib ki ankouraje aktivite ilegal, ki montre vyolans oswa zam, oswa ki obsen vilgè, oswa devègonde.
- h. Rad, bijou, akseswa oswa tatouwaj vizib ki gen rapò ak gang.
- i. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouwaj vizib ki ankouraje oswa montre sibstans ki sou kontwòl, tankou tabak, alkol, oswa dwòg.
- j. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouwaj vizib ki distrè, deranje, oswa prejidis a bi oswa kondwit lekòl la.
- k. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouwaj vizib ki gen ladan li diskou rayisman oswa imaj ki vize lòt yo sou baz ras, koulè, orij nasyonal, kwoyans/relijyon, sèks, idantite seksyèl, etnisite, oryantasyon seksyèl, andikap mantal ak fizik, laj, zansèt, eta sivil, sanzabri, bezwen espesyal, konpetans nan lang anglè oswa reyisit akademik oswa nenpòt ki lòt konsiderasyon ke nenpòt lwa ak regilasyon federal, eta oswa lokal konsidere kòm ilegal.
- l. Souvètman pa ka vizib.
- m. Rad chire oswa dekoud pa dwe ekspoze souvètman yo oswa pati nan ko ki dwe kouvri dapre vizyèl ki anwo a.
- n. Rad ki kapab lakòz danje pou lòt elèv yo oswa pèsònèl lekòl la, danje pou pwòp tèt yo, oswa ki kapab andomaj lekòl la oswa pwopriyete pèsònèl, yo pa otorize. Egzanp yo enkli, men yo pa limite a sa sèlman, pwent metalik, klou, oswa chèn metalik, oswa rad oswa soulye ki gen pwent metalik yo, klou oswa chèn metalik.

- o. Sapat yo, pantouf yo, soulye ki poze yon enkyetid pou sekirite, epi soulye ki genyen kranpon metalik, semèl metalik, oswa talon yo pa otorize.
- 3. Lekòl la kapab fè eksepsyon nan kòd abiman pou klas atletik, vokasyonèl oswa lòt klas espesyalize lekòl la patwone, oswa lòt rezon lekòl lan egzije. Abiman an sipoze apwopriye pou nenpòt klas ki pwograme ki gen kondisyon inik. Lekòl yo kapab egzije tou sèten abiman ke pou yo mete pouk las ediksyon fizik yo.